

## **Notice Informing Individuals About Nondiscrimination and Accessibility Requirements and Nondiscrimination Statement: Discrimination is Against the Law**

Anne Arundel Medical Center (AAMC) konfòm ak lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo e li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks. AAMC pa ekskli moun oswa trete yo nan fason ki diferan akòz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks yo.

AAMC:

• Bay èd ak sèvis gratis pou moun ki andikape pou yo kominike avèk nou nan fason ki efikas, tankou:

- Enèprèt langaj siy ki kalifye
- Enfòmasyon ekri nan lòt fòm (gwo lèt, odyo, fòm elektwonik ki aksesib, lòt fòm)

• Bay sèvis lang gratis a moun lang prensipal yo pa Anglè, tankou:

- Enèprèt kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte Anita Smith

Si w kwè AAMC pa t bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks, ou ka depoze yon plent nan: Anita Smith, 2001 Medical Parkway, Annapolis, MD, 21401, phone 443-481-4852, fax 443-481-1334, [asmith2@aaahs.org](mailto:asmith2@aaahs.org) . Ou ka depoze yon plent an pèsòn oswa pa lapòs, pa faks oswa pa imel. Si w bezwen èd pou w depoze yon plent Anita Smith disponib pou ede w.

Ou ka depoze yon plent pou dwa sivil tou nan U.S. Department of Health and Human Services, (Ministè Sèvis Sante ak Imen Ameriken), Office for Civil Rights (Biwo Dwa Sivil) atravè Office for Civil Rights Portal, pa mwayen elektwonik ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs oswa:

U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, SW  
Room 509F, HHH Building  
Washington, D.C. 20201  
1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)  
Fòmèlè pou plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.